



Massachusetts Department of Transitional Assistance

SNAP Work Rules Fòm Egzansyon

ID Ajans lan: _____

Règ SNAP yo di ke gen moun ki gen yon limit 3 mwa benefis SNAP sof si y ap travay, ap fè volontarya, ap patisipe nan kèk pwogram travay ak fòmasyon, oswa yo egzante. Reponn kesyon ki anba yo pou ede DTA detèmine si ou menm oswa yon moun nan fwaye SNAP ou a egzante nan règ travay yo. Nou pral fè w konnen si nou bezwen plis enfòmasyon.

Non moun ki dwe satisfè règ travay SNAP yo:

Èske moun sa a....

Ap resevwa benefis pou akòz yon andikap oswa maladi? ☐ **Wi** ☐ **Non**

Pa egzanp: Benefis Social Security Disability, Supplemental Security Income (SSI), benefis andikap pou veteran, konpansasyon travayè, andikap akoutèm, oswa Paid Family Medical Leave (PFML).

Ki non benefis la? _____

Ap resevwa sèvis kounye a oswa nan tan pase nan men Massachusetts Commission for the Blind, Massachusetts Commission for the Deaf and Hard of Hearing, oswa Department of Developmental Services la? ☐ **Wi** ☐ **Non**

Ap resevwa sèvis nan men Massachusetts Department of Mental Health oswa MassAbility?

☐ **Wi** ☐ **Non**

Si **wi**, èske maladi a/andikap la pral dire 90 jou oswa plis? ☐ **Wi** ☐ **Non**

Ansent? ☐ **Wi** ☐ **Non** Si **wi**, ki dat estime pou akouchman an? _____

Ap pran swen yon timoun ki poko gen 6 an oswa yon moun (adilt oswa timoun) ki andikape, menm si w pa abite nan menm kay ak li? ☐ **Wi** ☐ **Non**

Ap resevwa oswa te aplike pou benefis Chomaj? ☐ **Wi** ☐ **Non**

Ale lekòl, nan yon pwogram fòmasyon, oswa nan inivèsite omwen mwaye tan. Sa enkli pwogram fòmasyon pou refijye, lekòl komès oswa teknik, lekòl pwofesyonèl oswa pou metye, elatriye. ☐ **Wi** ☐ **Non**

Si **wi**, ki non lekòl la/pwogram nan? _____

Ki dat ki prevwa pou gradye oswa fini? _____

Touche omwen \$217.50 pa semèn (oswa travay omwen 30 èdtan pa semèn)? ☐ **Wi** ☐ **Non**

Patisipe nan yon pwogram tretman pou itilizasyon sibstans? ☐ **Wi** ☐ **Non**

Genyen yon pwoblèm sante oswa yon andikap ki anpeche li travay omwen 30 èdtan pa semèn? Se kapab yon pwoblèm mantal, fizik, sansoryèl, aprantisaj, entelektyèl, koyitif oswa devlopmanal, adiksyon nan

yon sibstans oswa yon sitistasyon kote ou viktim vyolans domestik, tizonnay seksyèl, agresyon seksyèl oswa kote yon moun ap plede suiv ou tout kote..

☐ **Wi** ☐ **Non**

Se yon Endyen, yon Endyen Lavil, oswa yon Endyen Kalifòni jan sa dekri nan Indian Health Care Improvement Act la? ☐ **Wi** ☐ **Non**

Èske moun sa a gen yon rezidans pou lannwit ki estab? ☐ **Wi** ☐ **Non**

Si ou reponn "**Non**" pou kesyon sa a, tanpri reponn kesyon ki anba yo. Si ou reponn "**Wi**," ou ka kite kesyon sa yo vid.

Èske ou gen yon diplòm lekòl segondè oswa ekivalan li (GED oswa HiSet)? ☐ **Wi** ☐ **Non**

Èske ou te gen yon travay fiks oswa ou te yon etidyan aplentan pandan omwen 6 mwa nan ane ki sot ane a? ☐ **Wi** ☐ **Non**

Èske ou regilyèman wè yon pwofesyonèl swen sante, tankou yon dantis, swen sikyatrik/terapi, oswa tretman pou yon maladi kontinyèl? ☐ **Wi** ☐ **Non**

Èske ou te entène nan lopital pandan 6 mwa ki sot pase yo? ☐ **Wi** ☐ **Non**

Nan siyen anba a, mwen deklare anba sanksyon pou fè fo temwayaj ke enfòmasyon yo ki nan fòm sa a vre epi kòrèk.

_____ / /

Siyati

Dat

Moun ki resevwa EAEDC ak pifò moun ki resevwa benefis lajan kach TAFDC egzante nan règ travay SNAP yo. Aprann fason pou aplike sou [DTAConnect.com](https://www.dtaconnect.com).

Enstitisyon sa a se yon founisè opòtinite egale.

Nou pa dwe fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks (tankou idantite sèks ak oryantasyon seksyèl), andikap, laj, oswa reprezay oswa revanj pou aktivite dwa sivil anvan yo. Si w panse ke nou te fè diskriminasyon kont ou, kontakte 617-348-8555 pou konnen kijan pou pote plent.

Pou remèt fòm sa a bay DTA (oswa ou ka ekri enfòmasyon sou egzansyon nan yon nòt ekri alamen):

- Telechaje sou DTA Connect
- Voye pa lapòs bay DTA Document Processing Center: P.O. Box 4406, Taunton, MA 02780
- Voye pa faks nan 617-887-8765
- Eskane l nan yon biwo lokal DTA
- Rele DTA Assistance Line la nan 877-382-2363.